

# **CBDS Enterimè ak Apwòch sou Founiti Sèvis Anplwa ki Asiste**

## **Planifikasyon pou Re-ouvèti Travay ak Pwogram Lajounen DDS-ADDP la**

### **9 Jiyè 2020**

Pandan moman ijans COVID-19 sa a, moun ak fanmi ke Depatman Sèvis Devlopman an soutni (Department of Developmental Services, DDS) pral bezwen fè chwa ki eklere konsènan risk ak avantaj sèvis yo, alòske eta a relouvre pa mwayen divès faz. Sa genyen ladan seleksyon nan yon meni apwòch sou founiti sèvis, kèk nan yo modifie oswa tanporè, pou re-angaje oswa admèt nouvo patisipan nan Sèvis Asistans Lajounen nan Kominote a, Anplwa an Gwoup ak Anplwa ki Asiste pou Moun. Edike patisipan yo, fanmi ak pèsonèl soutyen konsènan opsyon sa yo se pral yon etap enpòtan nan bay soutyen ki adapte epi ki fleksib pou chak sikonstans inik yon moun pandan y ap asire sante ak sekrite yo.

Lè y ap pran desizyon konsènan sèvis sa yo pandan moman sa a, li enpòtan pou evalye risk/avantaj chak modèl founiti sèvis pou patisipan aktyèl ak nouvo patisipan yo. Pwosesis sa a genyen ladan konsiderasyon pou yon objektif Plan Sèvis Endividyle patisipan an (Individual Service Plan, ISP), bezwen li yo, ak kapasite ak preparasyon founisè a pou bay divès tip sèvis enterimè yo. Planifikasyon sèvis ak priz-desizyon yo pral fèt selon finansman ki disponib pou moun nan.

Founisè yo pral varye nan sèvis ki disponib, selon anpil faktè, ki genyen ladan disponiblite pèsonèl la, kapasite etablisman an, transpò, preparasyon pou respekte machaswiv sou ekipman pwoteksyon pèsonèl yo (Personal Protection Equipment, PPE) ak machaswiv Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo, resous ak alokasyon finansman. Yo prevwa ke founiti sèvis la pral fleksib ak letan akoz tout varyab sa yo epi ISP yo pral tonbe anba chanjman. Founisè ki prè pou bay sèvis yo pral evalye priyorite re-entegrasyon sèvis la selon egzamen konplè pou tout patisipan yo.

Tout modèl sèvis yo fèt pou livre bay patisipan an atravè sipò dirèk an pèsòn oswa atravè sipò adistans/vityèl. Diferan opsyon sèvis yo fèt pou kapab fleksib epi abilité pou kombine apwòch sou sèvis yo pral enpòtan. Selon opsyon ki seleksyone yo, patisipan yo gendwa wè yon rediksyon nan èdtan founiti sèvis yo pou reponn ak bezwen manm nan ak kapasite founisè a. Opsyon sèvis yo pral detèmine an kolaborasyon ak moun nan, fanmi/gadyen li, founisè a ak DDS.

Men opsyon sèvis yo:

- Sèvis Lajounen nan Kominote: Asistans CBDS nan Sit yo, Sipò Mobil/CBDS San-sit, Asistans Vityèl/Adistans, ak Asistans Lakay CBDS 1:1;
- Anplwa Endividyle ki Asiste: Asistans An Pèsòn ak Asistans Vityèl/Adistans; ak
- Anplwa An Gwoup ki Asiste: Asistans An Pèsòn ak Asistans Vityèl/Adistans.

Meni asistans lan fèt pou kapab yon mwayen pou moun kapab eksploré ak angaje nan aktivite ki siyifikatif epi ki itil, selon preferans endividyle ak bezwen jan sa idantife nan Plan Sèvis Endividyle yo a ki santré sou moun. Sa genyen ladan aktivite ki lye ak anplwa epi aktivite ki pa lye ak anplwa, men yo dwe toujou itil epi soutni objektif patisipan an. Objektif prensipal sèvis CBDS ak Sèvis Anplwa Asiste pa DDS la dwe ankouraje asistans entegrasyon ki konplè ak enklizyon ki siyifikatif moun ki genyen andikap nan tout aspè lavi kominotè a atravè anplwa, angajman ak kontribisyon kominotè ki pozitif, ak devlopman relasyon.

---

## **Asistans Lajounen nan Kominote DDS (CBDS) (3163):**

Sèvis CBDS yo prensipalman fèt pou kapab wout ki mennen nan anplwa ak anrichisman pèsonèl. Aktivite sa yo dwe fèt sou sit la, dwe rive nan kominote a oswa, nan kèk sitiyasyon espesifik, nan kay la. Yo genyen ladan aktivite anrichisman (egzèsis, soulajman estrès, mizik, klèb lekti) aktivite pou ranfòsman konpetans (sante ak sekirite, nitrisyon, byennèt, oto-defans, fòmasyon pou vwayaj, teknoloji), benevola, eksplorasyon lye enterè (vityèl oswa anpèsòn), ak fòmasyon pou preparasyon travay.

- **Sou sit la (sèvis an pèsòn, ki genyen ladan aktivite ki ofri alafwa sou sit la ak nan kominote a)**

Asistans sou sit la se sèvis ki founi nan anviwònman gwoup yo selon lye yon pwogram epi li genyen ladan divès eksperyans ak opòtinite kominotè. Sa genyen ladan aktivite kominal epi kontak ak lòt moun. Moun k ap itilize asistans sa a pral gen pou konnen machaswiv CDC yo, tankou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijyèn men. Epitou asistans sa a se pou moun ki bezwen asistans tradisyonèl lajounen, dapre bezwen swanyan, bezwen sosyal ak konpòtmantal, ak/oswa bezwen aprantisaj. Ak letan, angajman nan aktivite yo nan kominote a pral ogmante ofiramezi y ap vin disponib selon prekosyon sou sekirite yo.

Asistans sou sit yo se asistans ki pi bon pou moun ki bezwen yon pwogram sèvis ki estriktire epi ki sipèvize pandan lajounen an, sa pral amelyore avantaj travay yo oswa pèmèt moun nan pouswiv enterè patikilye yo epi devlope lòt konpetans.

Yo gendwa ofri orè sèvis sa a nan fason ki fleksib, tankou jounen pasyèl oswa tan pasyèl epi, si finansman an pèmèt sa, li ka konbine ak lòt sèvis ak modèl founiti sèvis yo.

Lòt konsiderasyon yo pou domèn sa a t ap genyen ladan kapasite pou transpò sekirize sou sit la. Sa gendwa fèt ak asistans yon manm fanmi, fwaye an gwoup, MBTA oswa opsyon DDS ak Founisè ki disponib yo.

- **San-sit/Mobil ("CBDS san limit"):**

Yo gendwa founi asistans Mobil/San-sit nan anviwònman an ti gwoup yo, ki rive nan lye kominotè yo, epi enplike kontak avèk lòt moun. Moun k ap itilize asistans sa a pral gen pou konnen machaswiv CDC yo pou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijyèn men. Asistans sa a se pou moun ki gen dezi pou travay sou konpetans yo nan kominité a ak lyen sosyal avèk lòt moun.

Asistans Mobil/San-sit pi bon moun ki plis anmezi pou aksede nan sèvis yo nan vwazinaj la ak nan lye kominotè yo. Sèvis sa yo pral ankouraje avantaj travay yo oswa pèmèt moun nan pouswiv enterè li yo epi devlope lòt konpetans jan sa idantifye nan Plan Asistans Endivididyèl yo a.

Epitou yo gendwa ofri sèvis sa a nan fason ki fleksib, sa gen ladan: inite, pa èdtan, jounen pasyèl epi, si finansman an pèmèt sa, li ka konbine ak lòt sèvis ak modèl founiti sèvis yo. Sèvis sa a ka adapte selon disponiblite founisè a ak alokasyon finansman.

Lòt konsiderasyon yo pou domèn sa a genyen ladan kapasite pou transpò sekirize nan lye yo nan kominote a. Sa gendwa fèt ak asistans yon manm fanmi, fwaye an gwoup, MBTA oswa opsyon DDS ak Founisè ki disponib yo.

- **Founiti Sèvis Vityèl/Adistans**

Asistans Vityèl/Adistans yo pi bon pou moun ki genyen gwo risk sou sante oswa ki pa alèz pou jwenn aksè nan kominate a epi kòm yon konpleman pou sèvis mobil ak sèvis sou sit la. Sèvis Adistans/Vityèl yo pral ankouraje avantaj travay yo oswa pèmèt moun nan pouswiv enterè patikilye epi devlope lòt konpetans. Epitou sèvis vityèl yo gendwa genyen ladan verifikasiyon byennèt, lyen sosyal avèk lòt moun, reyinyon an gwoup chak jou ak rankont vityèl.

Yo gendwa fiouni asistans vityèl nan ti gwoup oswa endividylman, pandan y ap aksede ak asistans pa mwayer vityèl, ki genyen ladan platfòm telefonik ak platfòm sou entènèt tankou Zoom. Asistans sa a gendwa benefik pou moun ki genyen pwoblèm sante ki pa klè, ki genyen difikilte pou swiv machaswiv CDC yo, tankou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijjèn men.

Yo gendwa ofri sèvis sa a nan fason ki fleksib, sa gen ladan: inite, pa èdtan, jounen pasyèl epi, si finansman an pèmèt sa, li ka kombine ak lòt sèvis ak modèl founiti sèvis yo. Sèvis sa a ka adapte selon bezwen manm nan, disponiblite founisè a ak alokasyon finansman.

Lòt konsiderasyon pou domèn sa a genyen ladan aksè nan teknoloji (tankou aparèy ak Wi-Fi), kapasite pou itilize platfòm founisè a te idantifye (sèvis vityèl yo gendwa aranje avèk itilizasyon zouti pou komunikasyon adistans, tankou Skype, Zoom, Apple, FaceTime, Facebook Portal oswa sèvis difizyon asosye), ak sipò teknik lakay. Epitou sèvis sa a gendwa se sèvis ki prefere pou moun ki genyen disponiblite transpò ki limite.

- **1:1 Sèvis CBDS/Sèvis Lakay**

Asistans ki itilize rapò yon manm pèsonèl pou yon moun (1:1) asistans adomisil pi bon pou moun/fanmi ki pa anmezi oswa ki retisan pou jwenn aksè nan kominate a, ki genyen bezwen pou sante ki mete yo arisk oswa bezwen nan sante konpòtmantal ki entèdi patisipasyon sèvis mobil ak sèvis sou sit la nan moman sa a. Epitou modèl sa a gendwa itil pou moun ki bezwen asistans pou angaje nan asistans vityèl oswa nan asistans anplis pou reyangaje nan plis asistans CBDS pi tradisyonèl. Asistans endividyl sa yo fèt pou ankouraje avantaj travay yo oswa pèmèt moun nan pouswiv enterè patikilye li yo epi devlope lòt konpetans jan sa soulinye nan Plan Asistans Endividyl yo a.

1:1 Asistans ki fèt lakay yon moun pral genyen aksè limite nan lye yo nan kominate a ak kontak avèk lòt moun. Moun k ap itilize sipò sa a pral travay pou konfòme yo ak machaswiv CDC pou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijjèn men avèk tranzisyon pou tounen nan asistans CBDS san-sit, baze sou sit oswa sipò vityèl/adistans. Asistans sa a se pou moun ki bezwen fòmasyon sipò adomisil pou aksè nan kominate ki sekirize, moun ki genyen kondisyon sante ki ogmante risk, ak moun ki pa anmezi pou itilize transpò.

Sa a se yon sèvis ki itilize anpil resous ki gendwa ofri nan kapasite limite, pandan yon tan limite, epi, si finansman an pèmèt sa, ka kombine ak lòt modèl sèvis ak modèl founiti sèvis. Yo te dwe note ke opsyon sèvis sa a pral mande yon ajisteman nan inite ki te achte yo epi li pral redwi èdtan asistans dirèk yo konsiderableman. Sèvis sa a ka adapte selon disponiblite founisè a ak alokasyon finansman.

Lòt konsiderasyon yo pou domèn sa a t ap genyen ladan kapasite pou ebèje manm pèsonèl la an sekirite nan kay la epi genyen espas ki disponib pou founi sèvis.

---

## **Anplwa Endividyèl DDS ki Asiste (3168):**

Anplwa Asistans Endividyèl fèt pou asiste yon patisipan k ap travay pou atenn anplwa kominotè ki endependan. Sa genyen ladan yon pakèt sèvis nan eksplorasyon ak planifikasyon karyè, devlopman pwofesyonèl, sansiblizasyon pou anplwayè, ankadreman pwofesyonèl èd pou adaptasyon, ak asistans kontini.

Yo te ofri Anplwa Asiste pandan tout pandemi an pou moun ki te anmezi pou mentni anplwa yo oswa moun ki t ap chèche travay. Epitou yo te ofri asistans pou moun ki bezwen enskri nan avantaj chomaj akoz sispanson oswa pèt travay. Yo gendwa bay Anplwa Asiste nan fason sa a: Asistans anpèsòn ak asistans adistans/vityèl. Asistans yo dwe byen presi pou chak moun epi dwe fèt sou yon baz endividyèl pou reponn a objektif anplwa manm lan jan sa soulinye nan Plan Asistans Endividyèl yo a.

Aktivite yo gendwa genyen ladan entèvyou pou dekouvèt, eksplorasyon karyè, devlopman CV, konpetans pou entèvyou, asistans ak fòmasyon pou konpetans jeneral, konpetans pedagojik, ankadreman pwofesyonèl, ak asistans pou avantaj (ki genyen ladan avantaj chomaj, retrèt ak ajisteman SSI).

Yo ta dwe note ke machaswiv sou faktirasyon DDS la te toujou kontinye epi pral kontinye bay asistans adistans ak asistans anpèsòn pou Anplwa Asiste.

- **Asistans An Pèsòn**

Asistans an pèsòn yo pi bon moun ki plis anmezi pou aksede nan sèvis yo nan lye yo nan kominote a ak nan anviwònman travay yo nan biznis yo. Sèvis sa yo genyen ladan aksè nan lye yo nan kominote yo ak kontak avèk lòt moun. Moun k ap itilize asistans sa a pral gen pou konnen machaswiv CDC yo pou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijjèn men. Asistans sa a se pou moun ki gen dezi pou travay ak konpetans yo nan kominote a, k ap chèche anplwa nan kominote oswa k ap konsève anplwa yo.

Sèvis sa a dwe ofri selon yon plan anplwa. Sa a se yon asistans endividyèl epi yo faktire pou yo an inite.

Lòt konsiderasyon yo pou domèn sa a genyen ladan kapasite pou transpò sekirize nan lye yo nan kominote a. Sa gendwa fèt ak asistans yon manm fanmi, fwaye an gwoup, MBTA oswa opsyon DDS ak Founisè ki disponib yo.

- **Founiti Sèvis Adistans**

Asistans Vityèl/Adistans yo pi bon pou moun ki arisk pou aksesiblite nan gwoup ak nan kominote a epi kòm yon konpleman pou sèvis anplwa asiste anpèsòn. Sa kapab yon mwayen ki efikas pou bay sipò ankadreman pwofesyonèl ak komunikasyon ak sipèvizè/anplwayè yo.

Yo gendwa founi asistans vityèl endividyèlman pou sa ki konsènen objektif anplwa asiste endividyèl. Yo pral bay asistans pa mwayen vityèl, tankou platfòm telefonik ak platfòm sou entènèt. Asistans sa a gendwa benefik pou moun ki genyen difikilte ak machaswiv CDC yo pou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijjèn men. Asistans sa a gendwa itilize pou moun ki genyen gwo risk sante pou tèt yo oswa moun y ap viv avèk yo ak pou moun ki poko te retounen sou sit travay yo akoz ijans COVID la.

Sèvis sa a dwe ofri selon yon plan anplwa. Sa se yon asistans 1:1 epi yo faktire an inite.

Lòt konsiderasyon pou domèn sa a genyen ladan aksè nan teknoloji (tankou aparèy ak Wi-Fi), kapasite pou itilize platfòm founisè a te idantifye (sèvis vityèl yo gendwa aranje avèk itilizasyon zouti pou komunikasyon adistans, tankou Skype, Zoom, Apple, FaceTime, Facebook Portal oswa sèvis difizyon asosye), ak sipò teknik lakay.

---

### **Anplwa Asiste An Gwoup DDS (3181):**

Anplwa Asiste An Gwoup fèt pou asiste patisipan k ap travay nan anplwa kominotè gwoup oswa ki anplwaye nan anplwa kominotè an gwoup nan yon biznis kominotè lokal. Sa ka genyen ladan eksplorasyon ak planifikasyon karyè, sansiblizasyon pou anplwayè, ankadreman pwofesyonèl, èd pou adaptasyon, ak asistans kontini.

Yo gendwa bay Anplwa Asiste an Gwoup nan fason sa a: Asistans anpèsòn ak asistans adistans/vityèl. Asistans yo dwe byen presi pou chak moun epi dwe fèt sou yon baz endividyièl pou reponn a objektif anplwa manm lan. Aktivite yo gendwa genyen ladan entèvyou pou dekouvèt, eksplorasyon karyè, devlopman CV, konpetans pou entèvyou, asistans ak fòmasyon pou konpetans jeneral, konpetans pedagojik, ankadreman pwofesyonèl, ak asistans pou avantaj.

- Asistans An Pèsòn**

Asistans an pèsòn yo pi bon moun ki ka aksede nan travay kominotè yo a ak lye biznis yo a. Moun k ap itilize asistans sa a pral gen pou konnen machaswiv CDC yo pou distans sosyal, mete PPE, ak bon ijyèn men. Asistans sa a se pou moun ki gen desi pou travay ak konpetans yo nan kominote a, ki chèche anplwa nan kominote a oswa konsève anplwa yo.

Sèvis sa a dwe ofri selon yon plan anplwa. Sa se yon asistans an gwoup epi yo faktire an inite.

Lòt konsiderasyon yo pou domèn sa a genyen ladan kapasite pou transpò sekirize nan lye yo nan kominote a. Sa gendwa fèt ak asistans yon manm fanmi, fwaye an gwoup, MBTA oswa opsyon DDS ak Founisè ki disponib yo.

- Founiti Sèvis Adistans**

Byenke ideyalman, Anplwa Asiste an Gwoup se yon sèvis anpèsòn, asistans vityèl/adistans ka founi nan kèk sikonstans differan. Premyèman, pou moun ki anplwaye pa yon biznis ki poko louvri oswa ki genyen tout travayè li yo epi dezyèmman, pou moun k ap travay pou endependans nan anplwa an gwoup yo a kote sipèvizon sou sit la kòmanse diminiye. Toude egzanp yo ta dwe limite nan tan epi ta dwe genyen yon dat ki klè pou finisman. Sèvis sa yo pral ankouraje objektif yo pou reyentegrasyon nan Anplwa Asiste an Gwoup oswa ogmantasyon Endependans.

Yo gendwa founi asistans vityèl nan ti gwoup epi, kèk fwa, yon fason endividyièl pou sa ki konsène devlopman konpetans byen presi pou re-ouvèti planifikasyon nan sit travay yo a anvan yo retounen oswa kòm yon mwayen pou redwi asistans an gwoup pandan yo nan travay yo. Yo pral bay asistans pa mwayen vityèl, ki genyen ladan platfòm telefonik ak platfòm sou entènèt. Yo gendwa itilize asistans sa a pou fòme pwotokòl byen presi pou travay la, itilizasyon PPE, planifikasyon vwayaj ak fòmasyon byen presi pou sit travay la anvan yo retounen nan travay la oswa pandan tranzisyon an.

Sèvis sa a dwe ofri selon yon plan anplwa. Sa se yon sèvis an gwoup.

Lòt konsiderasyon pou domèn sa a genyen ladan aksè nan teknoloji (tankou aparèy ak Wi-Fi), kapasite pou itilize platfòm founisè a te idantifye (sèvis vityèl yo gendwa aranje avèk itilizasyon zouti pou komunikasyon adistans, sa gen ladan Skype, Zoom, Apple, FaceTime, Facebook Portal oswa sèvis difizyon asosye), ak sipò teknik lakay.

Epitou, yo dwe panse pou deplase inite yo soti nan anplwa an gwoup ki asiste pou ale nan yon lòt modèl sipò anplwa/pandan jounen an si yon sit travay gen yon plan pou re-ouvèti oswa pou ofri anplwa pou moun DDS soutni yo.

### **Resous Founiti Sèvis:**

Enstiti pou Enklizyon Kominotè (Institute for Community Inclusion, ICI) COVID-19 Piblikasyon ak Resous ak Zouti pou Enklizyon [www.employmentfirstma.org](http://www.employmentfirstma.org)

- “Itilizasyon Teknoloji pou Founi Asistans De Kalite Adistans” (Ki genyen ladan yon fèy evalyasyon senp pou asistans adistans)
- “Founi Sèvis Anplwa pou Moun Kap Chèche Travay Adistans”
- “Founi Sèvis De Kalite Adistans ak Sou Entènèt”